




Komiti Inoongorora nezveRaramo yeVanhu muZimbabwe (ZimLAC) Ongororo yeRaramo Mumaruwa yakaitwa muna 2025

Gwaro rinotsanangura zvabuda muongororo

Komiti inoongorora nezveRaramo yeVanhu muZimbabwe (ZimLAC) inoenderera mberi nekuongorora magariro evanhu gore negore richizadzisa zvakatsidziwa muchikamu 6 cheMutemo weKuwanisa Kudya Kwakakwana Kunovaka Muviri Munyika (Food and Nutrition Security Policy). Chinangwa cheOngororo yezveRaramo yeVanhu veMumaruwa ya2025 changa chiri chokuwanisa ruzivo rwune chokuita neraramo yekumaruwa muZimbabwe kuti zvibatsiridze mukuumbwa kwemutemo nezvirongwa zvakakodzera zvokupedza matambudziko. Ongororo iyi yaitungamirirwa nekuda kuratidza zvakaitwa muChirongwa Chokutanga Chebudiriro Yeniyika (NDS1) uye kupa hwaro hungatevedzwa neNDS2.

1. Kushomeka kwezvirimwa zvetsanga


Kushomeka kwezvirimwa zvetsanga kuri kutarisirwa kusvika pa15% panguva iyo tinosvika parutarinhari rwenzara (kubva muna Ndira kusvika Kurume 2026)



Mwero woKushomeka kweZvirimwa zveTsanga: 2020 – 2025

Kushomeka kwezvimwa zvetsanga kwakaderera ne73.2% kubva pa56% muna 2020 kusvika pa15% muna2025. Hurumende inotendwa nokutora matanho akaita kuti pave nokudya kwakakwana.

Panguva yorutarinhari rwenzara (Ndira - Kurume 2026), nzvimbo dzeMatabeleland North (20%) neMidlands (19%) dzaitarisirwa kuve neuwandu hwakakwira hwemhuri, dzichange dzakatarisana nematambudziko okushaya zvimwa zvetsanga.



Kushomeka kweZvimwa zveTsanga



Chikunguru– Gunyana 2025 Gumiguru – Zvita 2025 Ndira – Kurume 2026

Huwandu hweVanhu Vari Kushomekerwa neZvimwa zveTsanga Pachikamu Chimwe cheZvikamu Zvina zveGore

Dunhu guru	Chikunguru– Gunyana 2025	Gumiguru – Zvita 2025	Ndira- Zvita 2026
Manicaland	66,628	137,074	223,213
Mashonaland Central	48,383	83,432	135,084
Mashonaland East	47,902	108,225	184,853
Mashonaland West	67,578	114,410	180,152
Matabeleland North	62,460	90,493	126,475
Matabeleland South	77,013	100,361	120,514
Midlands	93,278	176,157	264,725
Masvingo	105,017	186,654	272,154
Nyika yose	609,087	1,046,895	1,548,432


Masvingo (272,154) neMidlands (264,725) dzinotaririrwa kuve neuwandu hwevanhu hwakakwira huchange hwakatarisana nokushaya zvimwa zvetsanga munguva yokuti nzara inenge iri parutarinhari.

2. Kupfuya Zvipfuyo



3. Kurima Zvirimwa

Pakava nokukwira kwehuwandu hwemhuri dzakarima nyemba, zvirimwa zvinobereka vana vanobumbira pasi ,mhunga nemapfunde.



Mhuri Dzakarima Zvirimwa

Goho reMwaka


Dunhu Guru	Chibage (kgs)		Mapfunde (kgs)		Mhunga (kgs)		Rukweza (kgs)		Zvose (kgs)	
	2024	2025	2024	2025	2024	2025	2024	2025	2024	2025
Manicaland	105	316.7	6	37.5	3	6.6	1	18.7	115	379.4
Mash Central	107	326.8	10	128.1	0	0.3	0	9	117	464.2
Mash East	88	436.2	2	21.7	0	5.8	1	6.5	91	470.2
Mash West	50	389	4	57.6	0	0.4	0	0.6	54	447.6
Mat North	30	168.7	39	152	30	0.6	0	135.9	99	457.2
Mat South	26	118.6	19	29.3	8	0.9	0	17.8	53	166.7
Midlands	136	360.9	9	40.8	0	3.4	0	3.6	145	408.7
Masvingo	61	229.1	28	71.5	16	11.3	2	56.6	108	368.4
Zvose pamwechete	77	299.9	14	66.4	7	3.7	1	29.5	99	399.4

Mhuri dzakakohwa chibage chinovika 299.9 kg nemhunga inosvika 66.4 kg

4. Mari Inouya Mumhuri


Mwero weMauiyiro eMari

Zvichienzaniswa nekutanga kwegore ra2020, pakava nekuwedzera kweupfumi zvichionekwa nokuwedzera kwemari inouya mumhuri kubva paUSD 33 muna 2020 kusvika USD 136 muna 2025.



Mwero weMauiyiro eMari: 2020-2025

Muhoro (USD) wePamwedzi weMhuri waKubvumbi 2025




Muhoro wePamwedzi weMhuri

Mashonaland West yaive nemuhoro wepamwedzi wemhuri wakakwira inosvika (USD 203) waKubvumbi 2025 panguva imwecheteyo Matabeleland South iine wakaderera unosvika (USD 98).

Kunobva Mari

Mugore ra2025, mhuri dzairarama nemabasa emaoko dzinosvika 45%, dzairarama nekurima zvirimwa zvokudya i21% uye mari dzaitumirwa nevanhu varimuZimbabwe i19%.



Kunobva Mari yeMhuri Kwakakosha

5. Rubatsiro rweRaramo


Dunhu guru	Hurumende		UN/maNGO (%)		Makereke (%)		Hama dzekumaguta (%)		Hama dzekumaruwa (%)		Hama dzekunze kwenyika (%)		Mapoka anobatsira (%)	
	2024	2025	2024	2025	2024	2025	2024	2025	2024	2025	2024	2025	2024	2025
Manicaland	41	70	7	14	1	2	5	18	5	23	5	23	2	4
Mash Central	56	72	4	19	1	3	3	11	5	22	5	22	1	2
Mash East	51	61	4	12	1	2	6	13	5	18	5	18	1	3
Mash West	42	73	1	6	1	3	2	10	1	23	1	23	1	4
Mat North	35	64	9	18	1	3	6	16	6	23	6	23	6	13
Mat South	31	48	11	16	1	2	6	11	5	20	5	20	5	16
Midlands	43	64	3	17	1	2	4	16	1	22	1	22	2	9
Masvingo	35	65	11	27	0	6	8	27	6	35	6	35	5	13
Nyika yose	43	65	8	16	1	3	5	15	4	23	4	23	3	8

Kunobva Rutsigiro

Mhuri zhinji dzinosvika (65%) dzinonzi dzakawana rubatsiro kubva kuHurumende, zvichiteverwa nerubatsiro rwaibva kuhama dzekumaruwa (23%), UN/masangano akazvimiririra (16%) kuchipedzisira rubatsiro rwaibva kuhama dzemumadhorobha (15%). Rubatsiro runobva kuhama dzemumadhorobha nekumaruwa runoratidza kuendeka mune zveupfumi hwenyika uye kudyidzana kwakanaka kwevanhu munharaunda.

6. Mvura, Utsanana neKushambidzika (WASH)


Huwandu hwedzimba dzinowana mvura muchinhambwe chekiromita imwe dzinosvika 90%.



Chinhambwe Chinofambwa Kuenda Kune Mvura

7. Utano hweVana

Kuwedzerwa kweVhitamini A




Kuwedzerwa kweVhitamini A

Hurumende yeZimbabwe inopiwa ruremekedzo ruzere pakukwanisa kuzadzikisa donzvo rayo re90% rekuwedzerwa kweVhitamini A kuvana vemazera emwedzi 6 kusvika 59 sekutsanangurwa kwazvinoita muChirongwa Chokutanga Chebudiriro Yeniyika (NDS1).

8. Maitiro oKupa Zvokudya Vacheche neNdumurwa

Kupiwa Kudya Kwakavandudzwa Kuvacheche neNdumurwa


Uwandu hwevana vakakwanisa kuwana kudya kushoma kunotarisirwa hwakavandudzika kubva pa2.1% mugore ra2020 kusvika pa11.9% mugore ra2025



Kupiwa Kudya Kwakavandudzwa Kuvacheche neNdumurwa

9. Chimiro cheZvokudya zveVana Zvinovaka Muviri

Kuwana Zvokudya Zvinovaka Muviri kweVana vane mwedzi 6-59



Kuwana Zvokudya Zvinovaka Muviri kweVana Vane Mwedzi 6-59

Maringe nekusawaniswa kwezvekudya zvinovaka miviri yevana, Zimbabwe iri pa4.3% zvinova izvo zvinogashirika sezvo Bazi rinoona nezvehutano hwevanhu pasi rose reWorld Health Organisation richitambira chipimo chiri pasi pe5%. Bazi rinoona nezvehutano hwevanhu pasi rose reWorld Health Organisation rinoti huwandu hwevana vasiri kunatsa kukura kuburikidza nokushaya kudya kwakakwana huchiri padanho repamusoro sezvo huri pa23.8%. Zvekare, chipimo ichi chiri pasi pe17% yakatarwa muzvinangwa zveChirongwa Chokutanga Chebudiriro Yenyika (NDS 1).

10. Mhedziso neKurudziro

Hurumende neShamwari dzayo dzeBudiriro inokurudzirwa kuenderera mberi nekushandisa mazano mune zvinotevera:

- a) **Kuwana zvokudya zvakakwana:** Pakati pemwedzi waNdira naKurume wegore ra2026, zvinotarisirwa kuti chikamu 15% chemhuri dzekumaruwa (vanhu vangangosvika miriyoni nechidimbu) dzinenge dzisina zvirimwa zvetsanga zvakakwana. Mumwedzi mitatu yega yega, kutanga Chikunguru kusvika Gunyana wegore rino panotarisirwa kuti panodiwa matani echikafu anosvika 22, 536, Gumiguru kusvika Zvita 38, 735 uyewo matani 57, 292 mumwedzi waNdira naKurume mugore rinouya. Bazi rinoona nezvekugara zvakakwana kwevanhu rinokurudzirwa kuti riite gadziriro yeurongwa hwekuwanisa zvekudya kwetsanga kumatunhu angangowirwa nenjodzi yenzara.

- b) Mihoro yeMhuri:** Mhuri zhinji dzekumaruwa dzakawedzera kuwana mari yeraramo. Hurumende inotendwa zvikuru sei pakuunza kwayakaita zvirongwa zvekugadzikana kweupfumi kunova iko kwaunza chimiro ichi. Mhuri dzinorarama nemabasa emaricho (45%) uye nokurima (21%) dziri panjodzi dzekushanduka kwemamiriro ekunze kwenguva refu. Nekudaro pave kudikanwa kuenderera mberi pachisimudzirwa mikana yemararamiro ekumaruwa ayo anoenderana nokukanganisika mumwaka wezvokurima. Hurongwa uhu hunotarisirwa kunge huchivandudzwa padanho rechikoro, rasabhuku uye kune vechidiki senzira yekuvawanisa mabasa uye kuvandudza upfumi mumatunhu.
- c) Kuchengetedzeka Mumagariro:** Rubatsiro rwokuchengetwa nehurumende rwakawedzera kubva pa43% mugore ra2024 kusvika pa65% muna2025 nokuda kwekusanyatsonaya kwemvura kuburikidza ne*El Niño*. Bazi rinoona nezvemari munyika rinokurudzirwa kuti rienderere mberi nechirongwa chedziviro yenzara inokonzera nekusanaya kwemvura senzira yekuderedza matambudziko ekushaikwa kwezbekudya kumapoka evanhu avnotambudzwa nekushaikwa kwezbekudya zvakanwana.



FNC iri paSIRDC: 1574 Alpes Road, Hatcliffe, Harare

Runhare: +263-242-862586/ +263-242-862025. Dandemutande: www.fnc.org.zw. Tsambanhare: info@fnc.org.zw.

X: @FNC_Zim. Instagram: [fnc_zim](https://www.instagram.com/fnc_zim). Facebook: Food and Nutrition Council Zimbabwe. YouTube: FNC Zimbabwe. WhatsApp: +263 0776 990 479